Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń "Joqarı ruwxıylıq - jeńilmeskúsh" kitabında ullı babalarımızdıń jáhán páni, mádeniyati, ruwxıylıǵı gúlleniwine qosqan úlken úlesleri, jaslarımızdı áne sol ilimiy miyraslar menen tanıstırıw zárúrligi bólek aytıp ótkenligi biykarǵa emes [1].

Ata-babalarımızdıń usınday úgit-násiyatları, ata-ananıń, shańaraqtıń hám oqıtıwshınıń bala tárbiyasında ornı bar ekenligin bilemiz. Sebebi qońsı-qoba, jora-joldas balanıń belgili waqtın birge ótkeretuǵın ortalıǵı. Biziń xalıqta:

"Ulıń erjetse, ulı jaqsı menen qońsı bol,Qızıń er jetse qızı jaqsı menen qońsı bol" degen danalıq sózi bar.Bala birge júrgen doslarına eliklewi, olardıń islegenin islewi múmkin. Sonıń ushın balanıń kim menen doslasqanın, úyde, mektepte, sırtta ne menen shuǵıllanatuǵının ata-ana biliwi shárt.

Jas balalar bilip-bilmey jaman adamlarǵa qosılıp qalıwı, jaman qılıqlar menen shuǵıllanıwı múmkin. Balanıń tárbiyasında birinshi shańaraǵı, ata-anası tikkeley juwapker. Mektep oqıtıwshılarıda óz oqıwshılarınıń tárbiyasında juwapkershilikke iye. "Balanı jastan" degenindey balalardı mektepke kelgen kúnnen baslap ata-anasınıń járdemi menen jaqsı tárbiyalı etip tárbiyalay alsa, keyingi waqıtları ol balalardıń tárbiyasında hesh qanday mashqala ushıramawı múmkin. Sonlıqtan-da ósip kiyatırǵan jas áwladlardıń ádep-ikramlılıq sıpatlarınıń durıs qáliplesiwin támiynlewde pedagoglardıń úrip-ádetlerdiń, tariyxıy miyraslardıń tárbiyalıq áhmiyeti oǵada ullı.

Usı mániste nalıp qaraǵanda baslawısh klass oqıwshılarıń belsendiligin arttırıp, milliy-ruwxıy miyraslardan paydalanıwdıń pedagogikalıq múmkinshiliklerin tálim-tárbiya processinde sistemalı túrde qollaw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Baslawısh klass oqıtıwshılarınıń pedagogikalıq iskerliginde tálim mazmunın milliylestiriw hám sol tiykarda ruwxıy intellektuallıq tálim-tárbiya nátiyjelerin uyqaslastırıw, oqıwshılarda aktivlikti asırıwdıń pedagogikalıq múmkinshiliklerin qollaw oqıwshılardıń ádep-ikramlılıq qádiriyatların ańlawǵa járdem beredi. Sonday eken, pedagogikalıq tálim mazmunındaǵı milliy, ilimiy tálim-tárbiya baǵdarı principi jáne bir óz tastıyıǵın tabadı.

Pedagogikalıq kásibi óz mánisine kóre individual bolıp tabıladı. Hár bir pedagogdıń turmıslıq ornı óz jumısınıń nızamı bolıwı kerek. Pedagogikalıq uqıbı onıń iskerliginde kórinedi. Ásirese baslawısh klass oqıtıwshıları ilimiy tájiriybege iye bolıp, pedagogikalıq sheberligi rawajlanǵan bolıwı kerek. Sheberlik – bul bólek qúdıret. Joqarı hám kishi dárejede sheber bolıw múmkin emes, sheberlikke erisiwde, erise almawda múmkin. Haqıyqıy sheber miynet iskerliginde de gózzal bolıp tabıladı. Bunı bizler ne ushın aytıp atırmız? Sebebi oqıtıwshı qánsheli dárejede sheber bolatuǵın bolsa oqıwshılarǵa bilim beriw dárejesi sonsheli joqarı boladı [3].

Pedagogikalıq sheberlik kategoriya retinde óziniń ilimiy tiykarlarına iye. "Pedagogikalıq ensiklopediya" da "Tárbiya hám oqıtıwda joqarı dárejege erisiw hám onı mudamı rawajlandırıp barıw imkaniyatın támiyinleytuǵın kórkem óner bolıp, oqıwshılarǵa mehr qoyǵan hám óz kásibin jaqsı kórgen, hárbir pedagogtıń ámel etetuǵın jumısı, óz jumısınıń sheber ustası bolǵan pedagog - bul joqarı dárejeli, mádeniyatlı, óz pánin tereń biletuǵın, pánniń yamasa kórkem ónerdiń tiyisli tarawların jaqsı analiz ete alatuǵın, tárbiyalaw hám oqıtıw stilistikasın jetik iyelegen qánigedur" delingen [4].

Balanı súygen pútin kúsh hám bilimin balalardıń keleshegi ullı Watanǵa sadıq puqara qılıp tárbiyalawǵa jóneltire alatuǵın adam ǵana haqıyqıy oqıtıwshı bola aladı. Balaǵa itibarsız, onıń keleshegi menen qızıqpaytuǵın, oqıtıwshılıq kásibine biyparwa adam haqıyqıy oqıtıwshı bola almaydı.

«Baslawısh tálim konceptsiyası»nda baslawısh klass oqıtıwshısı kórinisi tariyplenedi: «… eń zárúri balalarda oqıw, úyreniwge shın háwes, qızıǵıw oyatıwshı, isenim payda qılıwshı ustaz sıpatında ayrıqsha orın tutadı; hám jáne usı kontseptsiyadan baslawısh klass oqıtıwshısı paziyletlerine qosımsha keltiriledi. Oqıtıwshı: «… Ózbekstan keleshegi ullı mámleket ekenine isenetuǵın milliy maqtanıshı bolıwı;

– balalardı xalıq pedagogikası durdanaları hámde milliy qádiriyatlarmız tıykarında tárbiyalay alıwı;

– tili rawan, xalıq tili baylıǵı, kórkem usılı hám súwret quralların ádebiy til metodıkası hám ólshemin tolıq iyellegen bolıwı» zárúr.

Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq ruwxında tárbiyalawda mine usınday sheber pedagoglardıń ornı bólek bolıp esaplanadı.

Demek, solay eken balalarımızdıń ilimli, bilimli ádep-ikramlı bolıp osiwinde, milliy qádiriyatlarımızdı úyreniwi hám onı ózlestiriwinde mektepte baslawısh klass oqıtıwshılarınıń atqaratuǵın roli áhmiyetli. Sebebi ruwxıy jetilisken insan, ózligin ańlap ǵana qoymastan, sociallıq zárúrliklerdi de ańlap aladı hám ádep-ikramlı, jetik insan bolıp qáliplesedi.

**Ádebiyatlar**


1. Karimov I.A. "Joqarı mánáwiyat - jeńilmes kúsh". -T.: "Mánáwiyat", 2008. 56-b.
2. Hasanboyeva O. "Oila pedagogikasi". -T.: "Aloqachi" 2007, 41-43-b.
3. Xoliqov E., Lafasov M., Rustamov M. Merosim izildizlari. -T.:"Ma'naviyat", 2008 . 59-61-b.
4. Asqarova O'., Xayitbayev M., Nishonov M. "Pedagogika". -T.: "Talqin" 2008, 38-b.



**REZYUME.** Maqolada bola tarbiyasida oila va o'qituvchining tutgan o'rni haqida so'z boradi. Shu haqda taklif va fikrlar aytib o'tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются пути повышения педагогического мастерства учащихся начальных классов в воспитании их в духе нравственности.

**SUMMARY.** In this article is said about the role of family and teacher in educating a child. It is given recommendations and ideas about it.


## BASLAWÍSH KLASS ANA TILI SABAQLARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍŃ SÓZLIK BAYLÍǴÍN ARTTÍRÍWDA OYÍN USÍLLARÍNAN PAYDALANÍW


**B.S.Kenesova –** *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** o'yinlar, «Sózdan-sóz» o'yini, metodika, otlar.

**Ключевые слова:** игры, игра «слово в слово», методика, существительные.

**Key words:** games, word-for-word game, method, nouns.


Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 6-apreldegi «Ulıwmalıq orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik bilimlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında»ǵı 187-sanlı qararı, 2019-jıl 29-apreldegi "Ózbekstan Respublikası xalıq tálimi sistemasın 2030-jılǵasha rawajlandırıw konsepsiyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5712-sanlı Pármanında belgilengen bir qatar wazıypalar oqıwshılardıń lingvistikalıq hám sóylew kompetensiyaların rawajlandırıp, sózlik baylıǵın arttırıwda tayanısh boldı.

Bilimlendiriw procesi, onıń rawajlanıwı hám nátiyjeli barısı hár tárepleme oqıtıwshı hám oqıwshılardıń óz-ara isenimi tiykarında qurılǵan. Sabaq procesindegi oyınlar bolsa, bul ortalıqtı bekkemlewde tiykarǵı rol oynaydı. Oyınlar toparlarda islesiwge ádetlendiredi hám onsha kóp waqıttı talap qılmaydı. Birge islesiw dawamında oqıwshılar

belsendiligi artadı hám sabaqqa bolǵan dıqqatı hám itibarı kúsheyedi. Oyınlar arqalı oqıwshılarǵa jańa bilim beriw, kónlikpe payda etiw, kishi topar aǵzalarınıń dóretiwshilik qábiletlerin xoshametleydi [4]. Oyınlardı tiykarınan sabaqtıń kirisiw yáki juwmaqlawshı bóliminde ótkeriw maqsetke muwapıq. Oyınlardı maqsetine baylanıslı 7 túrge ajıratıw múmkin: «Sózden-sóz tap» oyını. Bul oyında bir sózden bir neshe sózler keltirip shıǵarıw talap etiledi. Bul oyın túri oqıwshılardı pikirlewge, izleniwge iytermeleydi, olarda tapqırlıq uqıplılıǵın júzege shıǵaradı. Bizler bul oyındı tákirarlamaqshı emespiz, bálki onı belgili bir temaǵa baylanıslı halda ótkeriw jolları haqqında pikir júritpekshimiz. Berilgen sóz quramındaǵı háriplerdıń túrli kombinaciyasınan paydalanıp, bir neshe sózler payda qılıw múmkin. Demek, bul oyındı belgili bir tema menen baylanıslı halda ótkerse de boladı.

«Sózden-sóz» oyınınan tildiń bárshe bólimlerin oqıtıwda paydalanıw múmkin. Atap aytqanda, leksikologiya bóliminde jazılıwı birdey, mánileri qarama-qarsı sózler temaların úyreniwde bul oyınnan paydalanıw múmkin. Bunıń ushın oqıtıwshı dúzilisi birdey yáki qarama-qarsı mánili sózlerdi keltirip shıǵarıw múmkin bolǵan sózlerdi tańlay biliwi hám sonnan keyin olardı oqıwshılar itibarına usınıwı tiyis. Omonimler teması úyrenilgennen soń, oqıwshılarǵa tómendegi sózlerdi beriw hám olardan jazılıwı birdey sózlerdi keltirip shıǵarıw wazıypası tapsırıladı.

Til sózinen (tiliw feyili, dene aǵzası atı), tar sózinen (saz ásbabı, kelbetlik sóz shaqabına tiyisli sóz), kir (kiriw feyili, kelbetlik sóz shaqabına tiyisli sóz), at (ism, haywan atı, atıw feyili) jazılıwı birdey sózleri keltirip shıǵarıladı. Antonimler temasında da bul oyınnan paydalanıw múmkin. Tema boyınsha shınıǵıwlar islenip, kerekli túsinikler berilgennen soń oqıwshılarǵa (qaraxat, Alma ata) sózlerin berip, antonim sózlerin jazıw tapsırıladı. (Qaraxat sózinen aq-qara), (Alma ata sózinen alma-al) sózin payda etiw múmkin. Bul sóz shaqapları bóliminde de paydalanıw múmkin. Atlıq sóz shaqabında berilgen sózlerden menshikli atlıqlar payda qılıw tapsırması beriledi. «Bilimdanlarǵa» sózinen tómendegishe atlıqlar payda etiw múmkin:

1. Menshikli atlıqlar: Rim, Ali, Dilbar, Lala, Nil.
2. Ǵalabalıq atlıqlar.
a) tuwısqanlıq atlıqları: aǵa, ana, bala;
3. Abstrakt atlıqlar: ilim

Ulıwma alǵanda. «Sózden-sóz tap» oyını qızıqlı oyınlardan bolıp, onnan qalayınsha paydalanıw oqıtıwshınıń sheberligi hám oqıwshınıń pikirlew sheńberine baylanıslı. «Sózden sóz tap» oyını. Bul oyın oqıwshılardı sezgir, ziyrek hám tapqır bolıwına kómeklesedi. Oyında qatnasıw ushın oqıwshı temanı jaqsı ózlestirgen bolıwı kerek, bolmasa, oyınnan shıǵıp qaladı. Sonı oqıwshı sezine alsa, onda ilimge qızıǵıwı da artıp baradı. Leksikologiya bóliminde mánisi birdey sózler teması boyınsha ótkeriletuǵın bekkemlew shınıǵıwlarında usı oyındı qollanıw maqsetke muwapıq boladı. Oyın tómendegi tártipte boladı. Oqıtıwshı bir neshe mánisi birdey sózler toparın tańlaydı. Máselen, (júz, bet, kelbet; quyash, kún, nur; áwel, ilgeri, aldın, burın, dáslep; bile tura, bilqastan, jorttaǵa). Bul sózler bólek-bólek qaǵazlarǵa jazıladı hám stol ústine qoyıladı. Bulardan tiykarǵı sózler ajıratıp alınadı hám 4 dana oqıwshıǵa beriledi. Demek, tórt oqıwshı tiykarǵı sóz jazılǵan qaǵazdı uslap tórt jerge turadı [3]. Qalǵan sózler aralastırılıp qoyıladı. Klass oqıwshıları da tórt toparǵa bólinedi hám hár bir toparǵa bir tiykarǵı bas sóz biriktiriledi. Máselen, 1-topar oqıwshılarına júz sóziniń, 2-toparǵa áwel sóziniń, 3-toparǵa quyash sóziniń, 4-toparǵa bile tura sóziniń mánilesleri tapsırıladı. 1-topar oqıwshıları náwbet penen shıǵıp, aralas haldaǵı sózler ishinen kelbet, bet sózlerin tawıp júz sózi jazılǵan qaǵazdı uslap turǵan oqıwshı qasınan, yaǵnıy «Bas sóz» qasınan orın aladı. Qalǵan topar aǵzaları da oyındı usı taqılette dawam ettiredi, yaǵnıy óz ornın tawadı. Oqıtıwshı toparlardıń tapqırlıqtı qalay orınlaǵanın tekseredi, óz ornın durıs tawǵan toparlarǵa tolıq ball, al orın tabıwda adasqan toparlarǵa tómenlew ball qoyıladı. Oyındı biraz quramalastırıw da múmkin. Bunıń ushın mánisi birdey sózler ishine mánileslik qatarına tiyisli bolmaǵan sózler de aralastırılıp jiberilse, oqıwshılardıń kerekli sózdi tawıp alıwı quramalasadı. Bul is oqıwshılardıń bilimine, qábiletine qarap belgilenedi.

Házirgi kúnde orta arnawlı mekteplerdiń baslawısh klaslarında ana tili pánin ózlestiriwde oqıwshılardıń jazba sawatlılıǵın rawajlandırıwda jańa pedagogikalıq texnalogiyalar, bay tájiriybeler hám qızıǵarlı hám dástúriy emes oyınlar arqalı shınıǵıwlardı shólkemlestiriw arqalı kútilgen nátiyjelerdi alıw múmkin.

Baslawısh klass oqıwshılarınıń óz pikirin jazba hám awızeki bayanlawında ana tilin oqıtıw procesinde iyelegen kónlikpe hám tájiriybeleri onıń tekstinde sáwlelenedi.

Bunda:

- pikirdıń logikalıq izbe-izlikte bayanlanǵanın anıqlaw;
- imlalıq (jazba) sawatlılıqtıń sıpatın anıqlaw tiykarǵı negizler esaplanadı,

Demek, baslawısh klass oqıwshılarınıń jazba hám awızeki sóylew mádeniyatın rawajlandırıwda ana tilin túrli oyın usıllarınan paydalanıp úyretiw tiykarǵı maqsetlerden biri bolıp tabıladı. Óytkeni, mektep ana tili táliminiń baslı maqsetlerine góre sabaq shınıǵıwları oqıwshıda dóretiwshilik, erkin pikirlew tájiriybeligin tereńlestiriw, tuwrı hám anıq bayanlaw kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılıwı kerek. Bul áhmiyetli wazıypanı ámelge asırıwda ana tili tálimi procesinde shólkemlestiriletuǵın hár túrli oyın usıllarınıń ózine tán ornı bar.

Oqıwshılarda jazba sawatlılıq tájiriybesin rawajlandırıwda «Eslep qal», «Qáte tap», «Sholıw ber», «Dawam ettir», «Irkilis belgisin qoyıń», «Sózlerdi durıs dúz», sıyaqlı oyınlardan ónimli paydalanıw úlken áhmiyetke iye.

«Qáte tap» oyını. Bunda oqıwshılar topar bolıp islesse maqsetke muwapıq boladı. Hár bir toparǵa qáte jazılǵan sózler berilgen tekstler tarqatıladı. Tekst tańlawda ótilgen temanı esapqa alıw kerek.

Toparlar qáte jazılǵan yáki irkilis belgilerin anıqlaydı. Belgilengen waqıttan soń tekstler almastırılıp, toparlar óz-ara qátelerin kórip shıǵadı. Qaysı topar qanday nátiyjege eriskenin ekranda berilgen durıs tekst arqalı bilip aladı. Bul usıl oqıwshılardıń jazba sawatlılıǵın rawajlandırıwda járdem beredi [1].

Sabaqlardı bellesiw tárizinde shólkemlestirgende bul oyınnan paydalanıw múmkin.

«Sholıw ber» oyını. Bul oyında «Dem alıw máwriti»de paydalanıw múmkin. Aq qaǵazda basqa tillerden ózlestirilgen yáki mánisi qıyın sózler, kóp mánili sózler jazıp qoyılıp, klass taqtasına ilinedi. Oqıwshılar náwbet penen shıǵıp, sózlerdıń sholıwın jazadı.

Máselen:

Àmenger – qáwender, baspana, qorǵanısh.

Tamır-tanıs – aǵayin, tuwısqan, jaqınlıq.

Istanat – jaman, nasaq.

Bunda sóz dizbeklerinen de paydalanıw múmkin:

Pıshıq murnı batpas – qalıń.

Oyın dawamında oqıwshılardıń sózlik baylıǵı hám sózlerden paydalanıw sheberligi rawajlanadı.

«Dawam ettir» oyını. Oyın dawamında oqıtıwshı oqıwshılardıń óz pikirlerin jazba bayan etiwge úyretedi [2]. Bul kishkene gúrriń, ertek te bolıwı múmkin.

Oqıtıwshı tema jazılǵan qaǵazdı tarqatadı. Oqıwshılar partalarda otırǵan halda aldıdan arqaǵa qarata tema tiykarında bir danadan gáp jazıp, qaǵazdı uzatadı. Oqıwshılar ózlerinen aldın jazılǵan pikirlerdi toltırıp, temaǵa say gáplerdi jazadı.

Máselen: Qaraqalpaqstan – Watanım meniń.

Qaraqalpaqstan men tuwılıp ósken úlke.

Men óz Watanımdı jaqsı kóremen.

Qaraqalpaqstan quyashlı, gózzal mákan.

Watanım gúllep-jaynamaqta.

Bul oyın usılı oqıwshılardı birge islesiwge tárbiyalaydı. Tekst dúziw uqıplılıǵın rawajlandırıp, pikirlew sheńberin keńeytedi.

Sabaqtıń aralas túrlerinde, tákirarlaw sabaqlarında bul oyın usılınan nátiyjeli paydalanıw múmkin.

«Sózlerdi durıs jaz» texnologiyası. Bul oyındı shólkemlestiriwden maqset oqıwshılardı stilistikalıq qátelerge jol qoymaslıqqa úyretedi.

Oqıtıwshı sózlerdın ornın almastırıp proyektor arqalı ekranda kórsetedi hám oqıwshılar sózlerdi durıslap jazadı.

Máselen:

(Almastırılǵan) Mashina shań kóterildi júrip ketkennen soń, izinen.

(Dúzewlengen) Mashina júrip ketkennen soń, izinen shań kóterildi.

«Mánilesin tap» oyını. Bunda aq qaǵaz hám markerden paydalanıp oyın shólkemlestiriledi. Oqıwshılar klass taqtasında náwbet penen aq qaǵazdan berilgen sózdiń mánilesin tawadı.

Máselen:

Bet – júz, kelbet, túr-túsi, sını.

Óliw – ájeli jetiw, qaza bolıw, kózjumıw.

Kúshli – ǵayratlı, quwatlı, qarıwlı.

Bunda oqıwshınıń sóz baylıǵı artadı. Sózlerge itibarlıraq boladı hám olardı óz ornında qollanıw tájiriybesi rawajlanadı.

«Sózge sóz» oyını. Bul usılda qarama-qarsı sózlerdı ózara keltiriw yáki sózdiń aqırǵı háribine sóz tabıw siyaqlı jol menen shólkemlestiriledi.

Bul proceste toptan paydalanılsa, oqıwshılarda keypiyat kóteriledi, fizikalıq háreket arqalı dem alıw waqıtın shólkemlestiriw múmkin.

Máselen: 1-oqıwshı: «Aq» dep toptı ekinshi oqıwshıǵa ılaqtıradı, ekinshi oqıwshı «Qara» dep toptı ılaqtıradı. Keyingi oqıwshı aqırǵı hárip «a» ǵa «Ashshı» dep baslasa, keyingi oqıwshı «Shiyrin» dep juwap beredi. Náwbettegi oqıwshı «Nan» dep toptı ılaqtırsa, keyingi oqıwshı «Nál» dep dawam ettiredi. Bul oyın oqıwshılardı tapqırlıqqa, shaqqanlıqqa hám sóz baylıǵın asırıwǵa járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh klaslarda ana tili páninen sabaq waqıtlarında oqıwshınıń jazba sawatlılıǵı, imla qaǵıydaların jaqsı ózlestirgenligi hám shıraylı jazıwdı inabatqa alıp, jańa pedagogikalıq texnologiyalar, oqıwshılarda sóz baylıǵın arttırıwda oyın usıllarınan paydalanıwdı shólkemlestiriw keleshekte jetik intellektual ilimli áwladtı tárbiyalawda áhmiyetli tiykar bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Baykabilov U.A. Ta'limda innovatsion pedagogik texnologiyalardan foydalanish bosqichlari. Science and Education., 1 (Special Issue 2), 2020.
2. Bayzakov J.A. Pedagogik texnologiyalardan foydalanib ta'lim berishda o'qituvchiga qo'yilgan talablar. Science and Education, 1(7). 2020.
3. Jumaniyozov S A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida ona tili fanini o'qitishda ona tilidan sinfdan tashqari ishlarni tashkil etish. Science and Education, 1 (Special Issue 2). 2020.
4. Rasulova R.B. Ana tili pánin oqıtıwda intalı oqıwshılardı anıqlaw hám olardıń sóylew mádeniyatın rawajlandırıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw. Tálim, pán hám innovaciya, 1(2).



**REZYUME.** Bugungi kunda mamlakatimizda ta'lim jarayoniga, jumladan boshlang'ich sinf o'quvchilarining bilim olishi va ularga ta'lim beruvchi o'qituvchilarni rag'batlantirishga katta e'tibor qaratilmoqda. Bu esa ustozlarga katta javobgarchilikni yuklaydi. Ushbu maqola boshlang'ich sinf ona tili darslarini samarador tashkil etishda o'yinlardan foydalanishning ahamiyatiga mo'ljallangan.

**РЕЗЮМЕ.** Сегодня в нашей стране большое внимание уделяется образовательным процессам, в частности, обучению учащихся и поощрению учителей, которые их обучают. Это возлагает большую ответственность на учителей. Данная статья посвящена описанию значимости использования игр в эффективной организации уроков родного языка.

**SUMMARY.** Today in our country a lot of attention is paid to the educational process, in particular, the education of students and the motivation of teachers who teach them. That puts a lot of responsibility on teachers. This article focuses on the significance of using games in the effective organization of mother tongue lessons.


## BASLAWÍSH TÁLIM ANA TILI SABAQLARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍ ERKIN PIKIRLEW HÁM DÓRETIWSHILIKKE ÚYRETIW


**G.Sh.Konısbayeva–** *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** pedagogika, boshlang'ich ta'lim, ona tili, zamonaviy texnologiyalar, o'qitish usullari.

**Ключевые слова:** педагогика, начальное образование, родной язык, современные технологии, методика обучения.

**Key words:** pedagogy, primary education, mother tongue, modern technologies, teaching methods.


Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 6-apreldegi «Ulıwmalıq orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik bilimlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında»ǵı 187-sanlı qararı, 2019-jıl 29-apreldegi "Ózbekstan Respublikası xalıq tálimi sistemasın 2030-jılǵasha rawajlandırıw konsepsiyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5712-sanlı Pármanında belgilengen bir qatar wazıypalar oqıwshılardıń lingvistikalıq hám sóylew kompetensiyaların rawajlandırıp, sózlik baylıǵın arttırıwda tayanısh boldı.

Baslawish tálim ana tili sabaqlarinda oqíwshílardí erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw ushın birinshiden, oqıtıwshınıń bilimdanlıǵı, mektepte bilim beriwdiń maqseti, tálim-tárbiya wazıypaları, dúzilisi hám mazmunın puqta bilip alıw bolsa, ekinshi tárepten, sabaq hám sabaqtan tısqarı shınıǵıwlardı durıs shólkemlestire alıw hám bul shınıǵıwlarda oqıwshılardıń sabaq ózlestiriwine basshılıq etiw, olarǵa ideyalıq – siyasiy hám ádep-ikramlılıq tásir kórsetiwdiń usılların, ámelde olardan durıs paydalana biliw hám de onı jetilistirip barıwda áhmiyetli.

Tálim mazmunı adamzat toplaǵan tayar bilimler, kónlikpe hám qánigeliklerdi puqta iyelew menen birge, oqıwshılardıń erkin piker júritiwi, dóretiwshilik isler qábiletleriniń ósiwin támiyinley alatuǵın dóretiwshilik iskerliktide ózinde birlestiriwi kerek.

Oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw hám olarda zárúr kónlikpe, uqıplılıqların júzege keltiriwde tálim mazmunı menen birge oqıtıw metodları da áhmiyetke iye [2].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw – oqıtıw hám úyreniwdi shólkemlestiriw processinen ibarat. Demek, ana tilin oqıtıw metodları oqıtıw hám úyreniwdi shólkemlestiriwge qaratılıwı kerek.

Keń mániste qollanılatuǵın «metod» oqıtıwdıń óz aldına qoyǵan maqsetlerine erisiw, belgili tiykardı ózlestiriwdegi teoriyalıq hám ámeliy iskerliklerin ańlatadı. Oqıtıw metodları bilimlendiriw processinde oqıtıwshı hám oqıwshılardıń kútilgen maqsetke erisiwge qaratılǵan birgeliktegi iskerliginiń qanday bolıwın, oqıtıw processin qanday shólkemlestiriw hám alıp barıw kerekligin belgilep beredi.

Oqıtıw metodları hár eki iskerliktiń, jańa oqıtıwshı tárepinen oqıwshılardı bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar menen qurallandırıw hám de oqıtıwshılar tárepinen sol kózde tutılǵan ilimiy bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı ózlestiriw iskerliginde qollanılatuǵın jollardı óz ishine aladı.

Bilimlendiriw processindegi belgili bir maqsetti ámelge asırıwǵa qaratılǵan iskerliktiń túrlishe bolıwı jańadan-jań ausıllardı keltirip shıǵaradı.